Баркула цIияб, 2019, сон!

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



№ 1 (6633) 1 январь 2019 с. Талат РабигIул ахир 1440 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## ТалихIаб ва баракатаб батаги

**ХIурматиял районцоял! Нилъеца нухда регIана 2018 сон. ДандчIвалел захIмалъабазухъ балагьичIого, районалда цебетIей ккана бакIал раялдаги, росдал магIишаталдаги, гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялдаги, халкъияб магIишаталъул цогидал бутIабаздаги.**

МустахIикъаб дандчIвай гьабулеб буго киназго ЦIияб соналда. Гьелде тIоцебесеб гали тIамулеб буго кIудияб хьулгун, мурадгун, къасдгун, щивас абулеб буго талихIаб ва баракатаб батагийилан. ЦIияб соналъги цере чIун руго жеги жаваб цIикIкIарал, кIвар бугел масъалаби. ГIемерал хIалтIаби руго гьаризе нухал къачIаялдаги, бакIал раялдаги, росабалъе газалъул мухъал рачиналдаги ва цогидалги рахъазда. РакIчIола гьел ва цогидал масъалаби гIумруялде рахъинариялъулъ районалда бергьенлъаби росизе рукIиналда.

ХIурматиял районцоял! РакI-ракIалъ баркула тIаде щвараб 2019 сон. Биччанте щивасул рокъобе босун бачIине талихI, рохел, рихьугеги рагъ-къал, къварилъаби. Риччанте тIуразе рекIелъ ругел лъикIал къасдал, лъикIлъаги гIумру-яшав, гьарзалъаги нигIматал.

2019 сон биччанте букIине ургъелал-балагьал рикIкIалъараблъун, тIолалго гIадамал цоцазда ричIчIараблъун, район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе, районалда цеᴘечIарал масъалаби тIураялъе гIоло гьабулеб хIалтIулъ бергьенлъаби росараблъун, гьеб мурадалъе гIоло къеркьолаго, киналго районцоял гъункулеблъун ва цолъулеблъун. Щивасул ракIалда ругел лъикIал мурадал тIурайги, гьабулеб данде билълъаги, лъикIаб кквезе, вацлъи, гьудуллъи цIунизе щивасе тавпикъги кьеги.

ЦIияб сонгун, цIияб талихIрохелгун, хириял районцоял!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## Мухбирзабазда ва газета цIалулезда баркула!

**ХIурматиял «Гумбет» газеталъул мухбирзаби ва газета цIалулел!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда ЦIияб сон! Гьаруна нужее щулияб сахлъи, халатаб, парахатаб гIумру, талихI, рохел. Щивасул рекIел мурадал тIураги, гьабулеб данде билълъаги, вацлъи, гьудуллъи цIунизе тавпикъ кьеги.

Я, Аллагь, букIаги исанасеб сон ризкъи гьарзаяб, рохалил гурони хабар лъалареб, нигIматал гьарзаяб, щварада баракат лъолеб, инсаниялъго ракьалда эркенго гIумру тIамулеб, тIолалго миллатаз цо эбелалъул лъималаз гIадин гIумру гьабулеб. Амин!

**«Гумбет» газеталъул редакция**

ЛЪАГIАЛИЛ ХIАСИЛАЛ

## Бакълъулазул ракьалъул цевехъан ХIажимурад МухIамадовасе – шапакъат

### Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевас Бакълъулазул районалъул нухмалъулесул хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна

**21 декабралда Дагъистаналъул пачалихъияб халкъияб магIишаталъул университеталъул байданалда, Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасул нухмалъиялда тIобитIана муниципалиял районазул, шагьаразул округазул бутIрул ва цогидалги гIахьаллъараб данделъи.**

Владимир Васильевас шапакъатал кьуна 2018 соналда церетIеял ккарал районазул бутIрузе. Каранда балеб гIаламат кьуна Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасеги.



2019 соналъе, 2020 ва 2021 соназул плановияб заманалъе республикаялъул бюджет къабул гьабиялъул бицунаго, Владимир Васильевас абуна республикаялъулаб инвестиционнияб программаялъе биччалеб гIарцул къадар ункъго нухалъ цIикIкIинабизе хIисабалде босун бугин. «Бюджеталъул проекталъ нилъее рес кьезе буго разе ва хIалтIизаризе кьезе 28 школа, 22 лъималазул ах, 4 больница ва МРТялъул блок, 3 спортивияб объект, 26 лъедалъун хьезариялъул объект. Гьединго ремонт гьабизе буго 150 школалъе, планалде босун буго шагьранухазул 84 километр цIигьабун къачIазе, 227 километралъул манзилалда нухазе ремонт гьабизе. Хасго кIвар кьезе буго гIадамал лъедалъун хьезариялде», - ян абуна Дагъистаналъул бетIерас.

**«Гумбет» РИО**

АРАБГИ БАЧIУНЕБГИ

## Бюджет, хайиралъул баянал, ЖамгIияб палата...

### Бакълъулазул районалъул Собраниялъул депутатаз сессиялда къабул гьабуна 2019 соналъе бюджет

**26 декабралда Бакълъулазул районалъул администрациялъул актовияб залалда тIобитIана районалъул Собраниялъул депутатазул сессия. Гьениб депутатаз къабул гьабуна 2019 соналъе ва 2020-2021 соназул плановияб заманалъе бюджет.**

Сессия рагьана ва бачана районалъул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадовас.

Сессиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал МухIамад Хьарагишиев, Малик Маликов, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, депутатал, школазул нухмалъулел, жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби ва цогидалги.

(Ахир - 2 аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ХIажимурад МухIамадов: «Бакълъулазул ракьалда терроризмалъе бакI гьечIо!»

-2 гьум.



«БацIцIадаб лъим», «СанагIатаб рукIа-рахъиналъе гIоло»...

-2 гьум.



Игьали ва МелъелтIа мактабазул минаби цIигьаруна

-2-3 гьум.



Аза-азар гIолилазда гьоркьов бергьана

-3 гьум.

# Бюджет, хайиралъул баянал, ЖамгIияб палата...



(Байбихьи- тIоцебесеб гьум.)

Гьоркьор лъуна « 2019 соналъе ва 2020 -2021 соназул плановияб заманалъе «Гумбет район» муниципалияб районалъул бюджет къабул гьабиялъул хIакъалъулъ», «2019 соналъе Гумбет районалъул Собраниялъул план къабул гьабиялъул хIакъалъулъ», гьединго районалъул Собраниялъул депутатаз жидерго доходазул, расходазул, буголъиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги баянал къеялъул низамалъул положение тасдикъ гьабиялъул, «Гумбет район» муниципалияб районалъул жамгIияб палатаялъул членал районалъул депутатазул Собраниялдасан тасдикъ гьариялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал.

Сессиялда гьоркьор лъурал суалаздасан кIалъана районалъул администрациялъул финансовияб управлениялъул нухмалъулев РурухIма Халидов, муниципалитеталъул хъаравуллъиялъулгун хIисабалъул палатаялъул председатель Шамил ГIалиев, районалъул Собраниялъул законодательствоялъул рахъалъ комиссиялъул председатель Сурхай Сурхаев, муниципалитеталъул бетIерасул коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ кумекчи НурмухIамад ГIизудинов ва цогидал.

Данделъиялъул ахиралда депутат Камалудин ГIалиевасе районалъул Собраниялъул рахъалдасан хIурматалъул грамота къуна.

Гьоркьор лъурал суалазда тIасан дандрекъон кколел хIукмабиги къабул гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# «БацIцIадаб лъим», «СанагIатаб рукIа-рахъиналъе гIоло»...

**Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кIвар бугел суалал гьоркьор лъураб данделъи тIобитIана**

**24 декабралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана данделъи сахлъи цIуниялъул, социалияб политикаялъул, лъайкьеялъул, газ бачиналъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалалги гьоркьор лъун.**



Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял гIуцIабазул, бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул хIалтIухъаби, учреждениязул нухмалъулел ва цогидалги жавабиял гIадамал.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Федералияб казначействоялъул Управлениялъул Гумбеталда бугеб № 19 отделениялъул нухмалъулев АхIмад Мансуровас хIасилал гьаруна финансовияб лъагIалил.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас бицана араб анкьалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабунин 235 чиясе.

Хасавюрталда тIобитIана Бакълъулазул районалъул гIолилазул централъул хIалтIухъабазулги ЦIиликь росдал активалъулги дандчIвай. Централъул специалистаз гIахьаллъи гьабуна «Россия – дир тарих» музеялда тIобитIараб форумалда ва цогидалги тадбиразда. Районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъиялда гьоркьоб лъуна гIолилазул политика гIумруялде бахъинабиялъул хIакъалъулъ суал. Гьединал баянал къуна Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубаировас.

Централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул заместитель МухIамадхIабиб Абакаровас бицана муниципалитеталъул сахлъи цIуниялъул цолъи лъикI хIалтIулеб бугин, централияб больницаялда вегун гьабсагIат сахгьавулев вугин 62 чи. ЗахIматго унтарав чи гьечIин, кванил нигIматал ва дараби ругин.

БакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас ва «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас бицана «БацIцIадаб лъим»,«СанагIатаб рукIа-рахъиналъе гIоло» проектазда гIахьаллъиялъул, газ бачиналъул ва цогидалги програмабазул. Районалъул шагьранухазда ремонталъулал хIалтIаби унел ругилан абуна «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас.

Лъайкьеялъул учреждениязул уставазда хиса-басиял гьариялъул, районалъул лъайкьеялъул системаялда ккарал хиса-басиязул, оптимизациялъул бицана муниципалитеталъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас.

Районалда кIвар кьолеб буго лъайкьеялъул учреждениязул минаби законазул тIалабазде данде ккезариялде, хIадурун руго хIинкъигьечIолъиялъул паспортал, школазул ва лъималазул ахазул корпусал стандартазде данде кколедухъ руго.

Лъайкьеялда бугеб хIалалда тIадчIей гьабуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас бицана терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялда данде къеркьеялъул комплексияб план гIумруялде бахъинабиялъе гьабураб хIалтIул.

Налогал ракIариялъул, электронниияб къагIидаялда хъулухъал гьариялъул, районалъул лъайкьеялъул учреждениязул хIалтIул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ информациягун кIалъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев.

Коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас абуна киса-кибего хIалтIи киназего баянаблъун, загьираблъун, ракIбацIцIадаблъун, ритIухъаблъун букIинедухъ гIуцIизе кколин.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас хIасилал гьаруна, хIалтIулъ бергьенлъи босаразе баркала загьир гьабуна, хадурккунги дагьалги жигар бахъун хIалтIизе ахIана.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ - РЕКЪЕЛ

# ХIажимурад МухIамадов: «Бакълъулазул ракьалда терроризмалъе бакI гьечIо!»

**Терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи тIобитIана Бакълъулазул районалъул администрациялда**

**26 декабралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи.**

Гьенир гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, терроризмалъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ мугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи Сайпудин Саипов, районалъул бетIерасул заместителал МухIамад Хъарагишиев ва Малик Маликов, Россиялъул Федерациялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидов, районалъул прокурорасул заместитель Хизри Хираев, районалъул имам Шамил Назиров, АТКялъул специалистал, росабазул поселениязул бутIрул, учреждениязул хIалтIухъаби.



Данделъи рагьана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул председатель, Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас. «Гумбеталда гьоркьоса къотIичIеб хIалтIи гьабулеб буго экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде къеркьеялъе. ХIакъикъияб ислам, халкъалъул парахалъи цIунулаго террористазул квердасан рухIиял церехъаби, гIадлу-низам цIунулел хIалтIухъаби, жамгIиял хIаракатчагIи дагьал хвечIо Бакълъулазул районалдасаги. Нухмалъиялъул, къуваталъул органазул, рухIиял церехъабазул, гIолилазул жигарчагIазул, халкъалъул цадахъаб хIалтIул хIасилалда районалда жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIал лъикIаб буго», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

«ЦIияб соналъул байрам кIодо гьабулаго жамгIияб низам цIуниялъе ва хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе бахъун буго план, халгьабуна лъабго дармил точкаялда пиротехника бичулеб бугодаян. Росабалъ рейдал тIоритIулел руго халатаб заманалъ рехун тараб техника батулищан. ОМВДялъул хIалтIухъаби хIинкъи гьечIолъи ва гIадлу-низам цIунизе хIадурал руго» - ян абуна Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидовас.

Школлъималазулгун гьабулеб бугеб бичIчIи кьеялъул хIалтIул бицана лъайкьеялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас, терроризмалда дандечIараб комиссиялъ 2017-2018 соназ гьабураб хIалтIул бицана АТКялъул бетIерав специалист Расул Даитбеговас.

Данделъиялда гьединго кIалъазе рахъана терроризмалъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ мугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи Сайпудин Саипов, районалъул бетIерасул заместитель, муниципалитеталъул терроризмалда дандечIараб комиссиялъул секретарь Малик Маликов, районалъул прокурорасул заместитель Хизри Хираев, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов ва цогидалги.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

# Игъали ва МелъелтIа мактабазул минаби цIигьаруна

**Бакълъулазул районалда «Нусго школа» проект тIубаялъул халгьабуна**

**24 декабралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов ва ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиев щвана МелъелтIа аслияб ва Игъали гьоркьохъел школазде. Халгьабуна республикаялъулаб «100 школа» проект тIубазаби кин унеб бугебали.**

Рехсараб проект хIадур гьабураб буго лъайкьеялъул учреждениязул материалиябгун техническияб хIал лъикIлъизаби мурадалда. Гьеб проекталда рекъон МелъелтIа аслияб ва Игъали гьоркьохъеб школазда унел руго ремонталъулал ва цIигьарун кьачIаялъулал хIалтIаби.

**(Ахир - 2 аб гьумералда)**

## Игьали ва МелъелтIа мактабазул минаби цIигьаруна



«Нижер школалда хисана гIодоб ккураб хьарщи, гордал, нуцIби. Ремонт гьабуна школалъул рукъзазул къадазе, цIигьабун къачIана хинлъи кьолеб система. Ремонт ахиралде щолеб буго, хутIун руго гIиси-бикьинал хIалтIаби.

ЦIияб сон цIигьабун къачIараб школалда кIодо гьабизе буго нижеца», - ян абуна МелъелтIа аслияб школалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадовалъ.

Игьали гьоркьохьеб школалъул тIох хисун буго.

Бакълъулазул районалъул администрациялъ хIисабалде босун буго 2019 соналъ «150 школа» программаялдаги гIахьаллъизе.

**«Гумбет» РИО**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ - РЕКЪЕЛ

## Зулмуялда дандечIеялъул масъалаби

### Терроризмалда ва экстремизмалда дандечIараб гургинаб стол тIобитIана Бакълъулазул районалда

**Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб централизованнияб библиотечнияб системаялъул цIалдолезул залалда тIобитIана терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялда данде кьеркьеялъул, гьанжесеб дунялалда терроризмалъул ва экстремизмалъул зараралъул хIакъалъулъ суалалгун гургинаб стол.**



Гьеб тадбиралда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIе-расул заместитель Малик Маликов, районалъул АТК-ялъул бетIерав специалист УхIумагIали Загьидов, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул балугъалъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ инспектор МухIамад ХIусенов, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибиров, Гумбеталъул централизованнияб библиотечнияб системаялъул нухмалъулев Халид Халидов, маданияб учреждениязул ва библиотекабазул хIалтIухъаби.

Терроризмалъул зараралъул, гьелда данде кьеркьеялъул рахъалъ церечIарал масъалабазул бицана районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас.

«Терроризм – гьеб ккола цо хасал мурадазде щвезелъун, зулму-хIал кидаго хIалтIизабиялъул къучIалда гIуцIараб политика. Экспертаз бихьизабун буго терроралъул 200 батIияб къагIида. Гьелъул аслиялъун ккола политическияб, динияб, миллатчилъиялъулаб, таксирчилъиялъулаб терроризм. Ахирияб соназ нилъер улкаялда гIемераб хIалтIи гьабуна терроризм гьукъиялъе ва гьелда дандечIараб, пайда кьолеб, пачалихъалъего гIаммаб система гIуцIиялъе. Терроризмалда дандечIей - гьеб ккола терроризм гьукъиялъе пачалихъияб властаялъул ва бакIалъулаб самоуправлениялъул органаз хIаракатчилъи цIикIкIинаби, гьелдаго цадахъ террактал тIатинариялъе, гьукъиялъе, рагьиялъе, цIех-рех гьабиялъе хIалтIи лъикI гIуцIи», - ян абуна Малик Маликовас.

Терроризмалда ва экстремизмалда данде рагъ баялъул правовияв къучIазул бицана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул бетIерав специалист УхIумагIали Загьидовас. Балугъалъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ инспектор МухIамад ХIусеновас баян кьуна экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде рагъ баялъе полициялъулазул хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ.

Зулмучилъиялъул, терроралъул идеяда данде кьеркьеялъул рахъалъ, халкъазда гьелъул зарал бичIчIинабиялъе гьабулеб бугеб кидагосеб хIалтIул, хадубккунги гьеб гьоркьоса къотIизе тезе гьечIолъиялъул бицана культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас.

**«Гумбет» РИО**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

## Аза-азар гIолилазда гьоркьов бергьана

### Россиялъул лъагIалил студентлъун вахъана Аргъваниса МухIамад МухIамадгIалиев

**Дагъистаналъул пачалихъияб медициналъул академиялъул педиатриялъул факультеталъул студент, Бакълъулазул районалъул Аргъвани росулъа МухIамад МухIамадгIалиевас гIахьаллъи гьабуна щибаб сонилаб «ЛъагIалил студент – 2018» миллияб премиялъул ончияб этапалъул финалалда. Гьеб тIобитIана Татарстаналда.**




«ЛъагIалил студент» тIобитIана лъабго этапалда. Гьаб соналъ премиялъул гIахьалчагIилъун лъугьана 5000-ялдаса цIикIкIун студент. 9 номинациялда церерахъана гьел бищун лъикIазул цIаразе гIоло. МухIамад МухIамадгIалиевас гIахьаллъи гьабуна «ЛъагIалилхIаракатчи» номинациялда. ХIасилал гьарун, жамгIияб гIуцIиялъул цевехъан хIисабалда, гьев ккана РФялъул 10 бищун лъикIал студентазда гьорлъе.

Хадурккунги бергьенлъаби дуе, МухIамад.

**«Гумбет» РИО**

ВАГIЗА

## ГIибадат бацIцIад гьабе

### ГIадамазул квешал пикрабазул ургъел гьабуге

**ГIадамазул гIамал-хасият лъикIлъизаби ккола исламияб диналъул тIалабазул цояб.**

Жиндаса Аллагь разилъаяв нилъер мазгьабалъул имам ШапигIиясул гьадинал рагIаби руго: «Цониги чи хвасарлъуларо гIадамазул квешаб, чорокаб мацIалдаса, МухIаммад аварагасул ﷺ рухIалдасацин гьесул рухI бацIцIадаб батаниги», – абурал.

Гьаб вагIзаялда гьорлъ рехсезе бокьун буго имам ШапигIиясул (р.гI.) цоги рагIаби.

«Мун сабруялда, кIалъачIого чIани, дуда халкъалъ мацI лъаларевилан абула. Мун гIемер гаргадани, дуда гIадамаз гIабдалилан абула, къваригIел гьечIеб бицунгеянги абула. Къад къоялъ кIал ккун, къаси, кьижичIого, гIибадат гьабун, Аллагьасе гIибадаталда мун вугони, гIадамаз дуда абула рихьдае жо гьабулев гьересичиян. ГIадамазул пикру кодоб босичIого, Аллагьасе гIоло гIамал ракIбацIцIадго гьабе. Исламалъ ахIула лъикIабщиналде ва битIараб нухде», – гьединаб насихIат гьабулеб буго диналъул вацазеги яцазеги имам ШапигIияс (р.гI).

Исламияб нухда таричIого цере ине, Къуръаналъул аятазда рекъон гIумру тIамизе, МухIаммад аварагасул ﷺ суннат ккезе, гьесул асхIабзабаздаса мисал босизе, имамзабазул, устарзабазул насихIатал рекIелъе риччазе, унго-унгоял бусурбабилъун рукIине тавпикъ кьеги нилъее. Амин.

**МухIамадрасул МухIамадов, Дагъистаналъул Муфтияталъул Бакълъулазул ракьалда бугеб дагIваталъул гIуцIиялъул нухмалъулев**

ПРОТИВОДЕЙСТВИЕ КОРРУПЦИИ

## О запрете дарения и получения подарков

**В соответствии с поручением Руководителя Администрации Главы и Правительства Республики Дагестан Иванова В.В. к письму Минтруда России от 26 ноября 2018 г. № 18-0/1 О-В-93 80 (далее - письмо Минтруда России), в целях обеспечения соблюдения антикоррупционного законодательства, а также в рамках осуществления антикоррупционного просвещения рекомендуем:**

1. провести персональные беседы с государственными (муниципальными) служащими, руководителями подведомственных организаций и работниками с целью доведения до них информации, указанной в письме Минтруда России;

2. обеспечить контроль за применением предусмотренных законодательством мер юридической ответственности в каждом случае несоблюдения запрета на дарение подарков лицам.

3. провести активную разъяснительную работу среди населения, в том числе посредством размещения информационного сообщения по указанному вопросу на официальных сайтах вверенных вам государственных органов Республики Дагестан, органов местного самоуправления, а также подведомственных организаций, а также в помещениях, занимаемых указанными органами (организациями), и в иных помещениях, доступных для посещения.

В связи с предстоящими новогодними и рождественскими праздниками Министерство труда и социальной защиты Российской Федерации традиционно напоминает о необходимости соблюдения запрета дарить и получать подарки.

Положения антикоррупционного законодательства и Гражданского кодекса Российской Федерации содержат запрет на дарение подарков лицам, замещающим государственные и муниципальные должности, государственным и муниципальным служащим, работникам отдельных организаций, а также на получение ими подарков в связи с выполнением служебных (трудовых) обязанностей (осуществлением полномочий).

Исключением являются подлежащие сдаче подарки, которые получены в связи с протокольными мероприятиями, со служебными командировками и другими официальными мероприятиями.

Получение должностными лицами подарков в иных случаях является нарушением запрета, установленного законодательством Российской Федерации, создает условия для возникновения конфликта интересов, ставит под сомнение объективность принимаемых ими решений, а также влечет ответственность, предусмотренную законодательством, вплоть до увольнения в связи с утратой доверия, а в случае, когда подарок расценивается как взятка - уголовную ответственность.

Кроме того, получение подарков должностными лицами во внеслужебное время от своих друзей или иных лиц, в отношении которых должностные лица непосредственно осуществляют функции государственного (муниципального) управления, является нарушением установленного запрета.

Воздерживаться стоит от безвозмездного получения услуг, результатов выполненных работ, а также имущества, в том числе во временное пользование, поскольку получение подарков в виде любой материальной выгоды должностному лицу запрещено.

ДОКУМЕНТЫ

**Утверждаю:**
**Глава МР «Гумбетовский район»**
**_____________ Х. С. Магомедов**
**24. 12. 2018 г.**

# Годовой план внутреннего муниципального финансового контроля администрации муниципального района «Гумбетовский район» на 2019 год

| NN п/п | Наименование контрольного мероприятия | Проверяемый период | Наименование объекта контроля | Период проведения контрольного мероприятия | Должностное лицо, ответственное за проведение контрольного мероприятия |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Проверка | 2017 | АСП «сельсовет» Цунди- Шаблухский» | 1 квартал 2019 | Начальник юридического отдела администрации МР «Гумбетовский район» |
| 2 | Проверка | 2017 | МКОУ «Верхнеинховская СОШ» | 1 квартал 2019 | Начальник юридического отдела администрации МР «Гумбетовский район» |
| 3 | Соблюдение требования, законодательства РФ в сфере закупок | 2018 | МКОУ «Игалинская СОШ» | 2 квартал 2019 | Начальник юридического отдела администрации МР «Гумбетовский район» |
| 4 | Соблюдение требования, законодательства РФ в сфере закупок | 2018 | МКОУ «Мехельтинская ООШ» | 2 квартал 2019 | Начальник юридического отдела администрации МР «Гумбетовский район» |
| 5 | Проверка | 2018 | АСП «сельсовет» Аргванинский» | 3 квартал 2019 | Начальник юридического отдела администрации МР «Гумбетовский район» |
| 6 | Проверка | 2018 | МКДОУ «Детский сад «Солнышко» | 4 квартал 2019 | Начальник юридического отдела администрации МР «Гумбетовский район» |

## О проведении учета скота и птицы в хозяйствах всех категорий на 1 января 2019 г.

**В соответствии с производственным планом Федеральной программы статистических работ проводится учет скота и птицы в хозяйствах всех категорий по состоянию на 1 января 2019 года.**

Формирование сведений осуществляется на основании следующих форм федерального статистического наблюдения:

- по форме № 24-сх «Сведения о состоянии животноводства» утвержденный Приказом Росстата от 01.08.2018 № 473
- по 3 - фермер «Сведения о производстве продукции животноводства и поголовье скота», утвержденный приказом Росстата от 24.08.2017 № 545.
- приложение к форме № 14 «Сведения о поголовье скота в хозяйствах населения», утвержденный Приказом Росстата от 24.08.2017 № 545.

Численность поголовья скота и птицы по категориям сельхозпроизводителей определяется в следующем порядке:

1. В крупных (тип 2), средних (тип 3) сельскохозяйственных организациях и приравненных к ним сельскохозяйственных организациях (МУПы, ГУПы), а также в крупных и средних подсобных хозяйствах несельскохозяйственных организаций (тип 9) - по данным отчетов ф. № 24-сх.

2. В малых (тип 1), микромалых (тип 4) предприятиях, крестьянских (фермерских) хозяйствах и ИП - сплошным методом по данным отчетов ф. № 3 - фермер.

Малые предприятия (без микро) отчет ф. № 3 - фермер представляют за декабрь с учетом показателей за год, как указано на бланке.

Микропредприятия, крестьянские (фермерские) хозяйства и ИП отчет ф. №3 - фермер представляют один раз в год, согласно приказа Росстата от 09.08.2012г. №441.

В хозяйствах населения численность скота и птицы определяется Дагестанстатом на основании итогов ВСХП-2016 года и данных выборочного обследования хозяйств населения по форме № 2. Приложение к форме № 14 «Сведения о поголовье скота в хозяйствах населения» используется для экспертной оценки и определения половозрастной структуры скота.

В мелких подсобных хозяйствах несельскохозяйственных организаций, опытно-производственных хозяйствах, станциях по племенной работе и др., имеющих незначительное поголовье сельскохозяйственных животных - по данным отчета ф. № 3 - фермер за год.

Поголовье скота крестьянских хозяйств и индивидуальных предпринимателей (физические лица) отражается по месту нахождения скота и птицы, независимо от места постоянного жительства главы хозяйства. Юридические лица также представляют отчет по месту фактического осуществления своей деятельности.

В отдел статистики сельского хозяйства и окружающей природной среды представляются следующие материалы:

Форма № 3 - фермер по малым (без микро) предприятиям - первичные отчеты за декабрь 2018 года.

Форма № 3 - фермер микромалые предприятия - первичные отчеты за 2018 год.

Форма № 3 - фермер по подсобным хозяйствам - первичные отчеты за 2018 год.

Форма № 3 - фермер по крестьянским хозяйствам и индивидуальным предпринимателям - первичные отчеты за 2018 год.

Срок представления отчетов по форме № 3-фермер дифференцирован по районам для нашего района до 10 января 2019 года.

Приложение к ф. № 14 сводный по району, с приложением отчетов по муниципальным образованиям не позднее 2 января 2019 года.

Еще раз обращаем Ваше внимание на обязательность заполнения всех реквизитов отчёта, наличие подписи руководителя организации, лица ответственного за составление, номера контактного телефона и даты составления отчета.

Отчеты, заполненные на бланках старого образца, не имеющие коды ОКПО и другие реквизиты, не подписанные указанным выше образом, а также ко¬пии отчетов обработке не подлежат.

Для сведения сообщаем, что проведенная работа по сбору на территории района должна выглядеть следующим образом:

Отчеты, представленные респондентами;

Список предприятий, не работающих более 2-х лет и не представивших отчетность а налоговые органы и органы государственной статистики, заверенный налоговой службой;

«Нулевые» отчеты от предприятий, в данный момент не осуществляющих деятельность с сопроводительным письмом от респондента, заверенные и подписанные руководителем предприятия.

Материалы для применения мер административного воздействия к нарушителям порядка представления статистической отчетности.

Никаких других писем и объяснений территориальных подразделений Дагестанстата по поводу неполного охвата и сбора отчетов от респондентов, включенных в каталоги форм приниматься не будут.

Для оперативного заполнения и представления информации предусмотрен XML-шаблон формы (электронный вид формы, включая контроли), который размещен на Интернет-сайте Дагестанстата: http://dagstat.gks.ru, в рубрике - «Статотчетность» / Шаблоны форм статотчетности.

Разъясняем: при открытии шаблона статотчетности ф.№3-фермер

sm_5.xmI отчет заполняют малые (без микропредприятий);

sm_4.xmI отчет заполняют микропредприятия;

sf 3. xmI отчет заполняют КФХ и ИП

Отчеты по форме №3-фермер (малые, микро, КФХ и ИП) в электронном виде необходимо представить на любой электронный адрес Дагестанстата: P05 mail@gks или P05 IgnatenkoEA@gks.ru

Также напоминаем, согласно письма Росстата №КЛ 12/5657-ТО от 12.12.2013 г., статистические отчеты по унифицированным формам используются только для статистических целей, и начиная с 2015 года органы статистики не заверяют копии отчетов для других целей.

**По всем возникающим вопросам обращаться к главному специалисту – эксперту Дагестанстата в с. Мехельта Лабазанову М. А. тел 55 – 80 – 21.**

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## Бакълъулазул цIалдохъабазда гьоркьор олимпиадаби

**МелъелтIа тIоритIана 7-11 классазул цIалдохъабазда гьоркьор химиялъул, МХКялъул, хIисаб-гIелмуялъул олимпиадаби.**

Химиялъул олимпиадаялда 11 классазда гьоркьор тIоцебесеб бакI ккуна ПатIимат МухIамадовалъ (ЦIияб Аргъвани СОШ), 9 классазда гьоркьоб ПатIимат ГIабдулкъадировалъ (МелъелтIа СОШ).

МХКялъул (мировая художественная культура) олимпиадаялда 11 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана РайхIанат Ибрагьимова (Игьали СОШ), 10 классазда гьоркьоб Зайнап МухIамадова (ЛъаратIа СОШ), 8 классазда гьоркьоб гьебго школалдаса Марям МухIамадова, 7 классазда гьоркьоб Марият МухIамадова (МелъелтIа СОШ).

ХIисаб гIелмуялъул олимпиадаялда тIоцебесеб бакI ккуна МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан МухIамад ХIажиевас

**ГIайшат Исламбиева**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Утерянный аттестат А – 3843007, выданный Игалинской средней школой 27 июня 1999 года на имя Ниматулаевой Сапият Омаровны, считать недействительным.**

ЗИГАРА

**Бакълъулазул районалъул маданиял центразул ва библиотекабазул хIалтIухъабаз ПатIимат СултIановалда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго эмен Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хварасе ахират лъикIаб кьун батаги.**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.